


Jwenn yon kay nan Eta New York gras ak CityFHEPS!

CityFHEPS se yon pwogram èd pou lwaye ki peye yon pati nan kòb lwaye chak mwa w la.

Kounya pwogram nan ka sèvi nan “Nan Tout Eta a”, sa vle di ou ka chwazi abite nenpòt kote nan Eta New York la!

Ou ka chwazi abite jis sou kote Vil New York! Vil New York aksesib pou transpò piblik tankou Metro-North ak Long Island Rail Road lan.



Aprann sou Pwogram nan

Èske mwen kalifye pou CityFHEPS?

Si w te resevwa yon lèt acha ki sot nan Depatman Sèvis Sosyal (Department of Social Services, DSS) Vil New York, li posib pou w kalifye pou CityFHEPS! Se travayè sosyal oswa espesyalis pou lojman rezidan santabri yo ki bay lèt acha yo.

Si w gen kesyon konsènan lèt acha w la **oswa** si w pa gen lèt acha epi w panse ou kalifye, pale sou sa ak travayè sosyal ou a oswa espesyalis pou lojman w lan.

Konbyen kòb sou lwaye a y ap kouvri?

Ak CityFHEPS, jeneralman lokatè yo peye 30 pousan nan lajan yo rantrè chak mwa pou lwaye yo. CityFHEPS kouvri rès kòb ki rete a pou pwopriyetè a, rive kòb maksimòm nan.

Pou CityFHEPS ki nan nivo Eta yo, kòb y ap kouvri a depan konte Eta New York ou chwazi al abite a.

Espesyalis pou Lojman yo ka fè estimasyon kòb ou ka resevwa a ak zouti CityFHEPS nan nivo Eta pou Kòb Lwaye Maksimòm parapò ak Konte a (Statewide CityFHEPS Maximum Rents by County) sou www.nyc.gov/site/hra/help/cityfheps-documents.page

Yon lèt acha gen bagay sa yo ladan:

- Valè kònb li posib pou CityFHEPS kouvri pou lwaye a
- Kantite moun ki ap nan kay la
- Kalite lojman ou gendwa jwenn nan
- Kantite Chanm a kouche ou gendwa jwenn nan
- Dat ekspirasyon lèt acha a (nan yon delè 120 jou)

Ki tip lojman mwen ka lwe?


Ak CityFHEPS, jeneralman ou ka lwe tip lojman, tankou:

- Fanmi inik Separe
- Kay semi endepandan ak Kay an ranje/ak Plizyè Pwopriyetè
- Mwen Chè
- Batiman ki wo ak asansè
- Kay ki Bati ak Materyèl Izin

Espesyalis pou lojman w la ka ede w konprann pou kisa w kalifye ak CityFHEPS epi li kapab rekòmande w yon lojman.



Fason CityFHEPS fonksy



Ak CityFHEPS jeneralman lokatè yo peye 30 pousan nan lajan yo rantrè chak mwa pou lwaye yo.

CityFHEPS peye pwopriyetè a rèz kòb la.

Aplikasyon pou pwogram nan

Kòman pou m aplike pou CityFHEPS nan nivo Eta a?

- 1 Apre w fin resevwa lèt acha a, jwenn yon lojman! Espesyalis pou lojman w la ka ede w jwenn opsyon yo.
- 2 Yon fwa w fin jwenn yon lojman, pale ak espesyalis pou lojman w lan oswa moun k ap jere dosye w la. Y ap ede w jwenn dokiman ki nesesè yo pou soumèt aplikasyon w lan.
- 3 DSS Vil New York ap egzamine dokiman w yo pou:
 - konfime kalifikasyon w pou CityFHEPS
 - detèmine si lojman w lan kalifye
- 4 Kenbe kontak ak espesyalis pou lojman w lan, l ap ede ou menm ansanm ak pwopriyetè a ranpli demann lan.
- 5 Si ou menm ak lojman w la elijib pou CityFHEPS, DSS Vil New York ap voye ou yon avi apwobasyon. Avi sa a ap eksplike w konbyen w dwe peye chak mwa ak konbyen DSS Vil New York peye chak mwa.
- 6 Espesyalis pou lojman w lan oswa moun k ap jere dosye w la ap pwograme yon lè pou w siyen kontra fèm nan epi resevwa yon kle.

***** Si ou resevwa avataj piblik nan Vil New York, ou dwe fè yon demand nan biwo sèvis sosyal ki nan nouvo Konte w la.

Travayè Sosyal ou a ka ede w jwenn biwo lokal ki bay sèvis ou a oswa ou ka rele **Liy Asistans Telefonik Andeyò Vil la nan (718) 557-1399**, pou ede a sèvis lokal yo bay yo, jwenn sèvis sosyal yo ak lòt kesyon ki gen rapò ak lojman.

Kòman yo detèmine kòb mwen dwe peye a?

Yo detèmine kòb ou dwe peye a gras ak yon kantite faktè:

- Kantite moun ki lakay ou a
- Kantite lajan chak manm kay la rantrè
- Kantite Chanm a kouche
- Si sèvis piblik yo nan kòb lwaye a
- Si w resevwa èd lajan kach
- Konte kote lojman an ye a

Si w apwouve, DSS Vil New York ap voye yo avi pou ou ki eksplike konbyen kòb w ap peye chak mwa ak konbyen DSS peye chak mwa.

Pou konbyen tan mwen ka jwenn CityFHEPS?

CityFHEPS revouvle chak ane. Senk mwa avan renouvèlman kontra lwaye w la, w ap resevwa demann ak yon dat limit pou renouvèlman.

CityFHEPS ka dire jiska 5 lane epi nan kèk ka li ka dire pi lontan: toutotan ou menm ak pwopriyetè w la kontinye ranpli kondisyon yo mande pou kalifye yo.

Mwen gen plis kesyon, ak kiyès mwen kapab pale?

Pou plis èd, rele Depatman Sèvis Sanzabri (Department of Homelessness Services, DHS) Vil New York lan **Sant Apèl Sèvis Kliyan pou Relojman nan (929) 470-3052**, depi Lendi pou rive Vandredi soti 9 è am pou rive 5 è pm.

